



# THE FREEDOM POST

A Monthly Publication of Freedom Shores Elementary School

3400 Hypoluxo Road, FL 33436 (561) 804-3100

MAS 2022

## Mesaj Direktè Lekòl la Mr. Sabatino

Chè Paran / Responsab

Nou espere tout moun trè byen e an sekirite. Jiska fevriye, nou te kontinye evènman Dejene Alfabetizasyon nou an ak klas twazyèm ane nou yo. Fanmi yo te antre nan lekòl nou an epi pran yon ti manje maten pandan Yo t ap koute yon istwa ki t ap li. Ekip Twazyèm Ane a te demontre tou kék ide ke yo ta ka itilize pandan y ap fè lekti lakay yo pou ede amelyore nivo timoun yo. Te gen yon gwo patisipasyon ak fanmi ki te asiste yo tout te ale ak yon liv. Katriyèm ane nou an ap pran Dejene Alfabetizasyon yo vandredi 25 mas a 7:15 am nan kafeterya nou an. N ap gade si nou ka jwenn yon pi bon rezulta pou sa a tou..

Yon lòt gwo evènman ki te fèt nan lekòl nou an nan mwa fevriye a se te sware Matematik nou an. Anpil fanmi te la, yo te mache nan koulwa nou yo, epi yo te kapab wè divès pwoblèm matematik yo pandan y ap eseye bay solisyon. Chak nivo klas te prezante yon konsèp ke yo t ap aprann sou oswa ke yo te deja aprann. Te gen kesyon ki gen rapò ak mezi, liy pou mezire, tan, klasman, estimasyon, adisyon ak soustraksyon epi finalman lajan. Nan sal klas Mizik la, sal kote yo te pratike lajan ekip dezyèm ane nou an te kreye magazen pandan yo tap aprann sou lajan atik yo te achte yo. Evènman sa a te byen pase ak tout moun te sanble vrèman jwi tèt yo. PTO nou an te vini ak yon kamyon manje tou kote anpil fanmi te jwi kék dine pandan yo te isit la.

Pandan n ap avanse nan ane lekòl nou an, nou vrèman apresye tout assistans ak sipò w. Tanpri sonje ke pandan w ap depoze oswa vin chèche pitit ou a, yo dwe soti sou bò pasajè apou yok a tou sou twotwa a epi pou yo an sekirite san danje. Nou apresye fason ou menm ak tout anplwaye nou yo ap travay trè di pou ede tmoun yo grandi nan domèn akademik.

Mèsi pou tout sipò kontinyèl ou,

## A Message from Assistant Principal Kimberly Rogers

Mwen espere ke tout moun pase yon bon vakans prentan epi retounen lekòl la trè byen pou tès k ap vini an avril yo.

Paran yo tanpri raple élèv ou yo pou yo gade nan koulwa prensipal la ak sou bò sèn nan kafeterya a pou afè yo ki "pèdi". Gen yon anpil nan jakèt, bwat manje midi ak boutèy dlo.

Paran yo tanpri pa pake sou pwopriyete legliz la pandan n ap depoze ak vin chèche élèv nou yo.

Mèsi Anpil!

## Ti Nouvèl Kafeterya a

Dejene ak Manje midi ap kontinye rete GRATIS pou TOUT élèv yo! Nou te kòmanse ofri ti goute pou achte diran manje midi tankou bonbon pou 25 santim, krèm glase pou 75 santim ak dlo nan boutèy pou 50 santim.

Malgre nou ap pran lajan kach nan rejistè yo, nou ankouraje w fè pèman sou kont repa sou entènèt pitit ou a si ou ta renmen pou yo kapab achte ti goute.

Ou ka jwenn lyen kont repa sou entènèt la ansanm ak lòt enfòmasyon                sou                nitrisyon                nan  
www.palmbeachschools.org/sfs.


## Ti Nouvèl Pwogram Aprè Lekòl la

Pwogram Apre lekòl la toujou ap aksepte enskripsyon yo!! Nou dwe resevwa \$25 frè enskripsyon an ak pake enskripsyon yo AVAN ou vle pitit ou a kòmanse.

Nou dwe resevwa Vèisman 1ye Novanm oswa tout total la avan 3/1, 2yèm vèisman an 3/22.

Enskri pou app remind la (jwenn ak nou pou plis detay). Kontakte Cheri Rosen, Direktris la si ou gen nenpòt kesyon! cheri.rosen@palmbeachschools.org

Enskripsyon pou Spring Break Camp ouvè! Pri a se \$160 pou semèn pou chak élèv.



**Instagram:**  
Freedomshoreses



**Facebook:**  
FreedomShoresEl



**Twitter:**  
FreedomShoresES

## **Ti kwen Volontè yo**

Nou voye yon remèsiman espesyal bay tout bél volontè ki te travay pou ede pwofesè nou yo ak elèv yo pandan ane lekòl sa a! Si w ta renmen konnen ki jan pou w ede—petèt anvan, pandan, oswa menm APRÈ lekòl—oswa si w jis vle konnen enfòmasyon sou evènman aktyèl yo, tanpri kontakte: jennifer.a.quinn@palmbeachschools.org pou li ka ajoute w nan Lis kourye elektwonik Volontè FSES a.

## **MACH POU OTIS**

Tanpri jwenn ak ekip Freedom Shores nou an dimanch 6 mas pou Mach Otis Pale a nan Meyer West Palm Amphitheater! Enskripsyon ak sign in ap kòmanse a 9 AM epi mach la ap kòmanse a 10 AM. Ou ka enskri pou rantre nan ekip nou an gratis, nan <http://act.autismspeaks.org/goto/FreedomShoresElementary>

Si ou gen kesyon tanpri kontakte: [alexandra.cristina@palmbeachschools.org](mailto:alexandra.cristina@palmbeachschools.org)

## **Ti Nouvèl Depatman ESE a:**



### **\*SONDAJ PARAN ESE YO**

Nou bezwen èd ou pou fè rekò Sondaj Paran ESE 2021-2022 Florid la vin yon siksè! Ou ka ranpli sondaj la sou Entènèt nan <http://www.esesurvey.com>.

\* Si w gen yon elèv ki gen yon IEP oswa yon 504 epi w enterese nan Pwogram Bousdetid McKay- Tanpri jwenn enfòmasyon sou sitwèb distri a isit la. Dat limit yo varye pou fenèt aplikasyon lekòl prive ak publik.

\* Paran kòm Lyezon an (Pal) se Madam Mary Black, ou ka kontakte li nan mary.black.c@palmbeachschools.org pou èd pou navege pandan pwosesis ESE a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Pals nan <https://www.fdlrsalpha.org/parent-services>.

\* Child Find ofri enfòmasyon ak EVALYASYON GRATIS pou timoun 3-5 an ki ka gen difikilte pou aprann, pale, jwe, wè, mache, ak/oswa tandé. Pou kòmanse pwosesis la, tanpri rele anplwaye yo nan: (561) 434-7337.

\* Reyinyon IEP nan moman sa a ap rete vityèl, sof si yo mande yon lòt jan. Si w gen yon enkyetid oswa ou ta renmen pataje nouvo enfòmasyon ak ekip ESE a tanpri kontakte Sharrié Vereen, Koödonatris ESE a nan 561-804-3110 oswa sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org

## **Dual Language & ESOL News:**

Si pitit ou bezwen yon mayo pwogram doub lang la pou mete jou vandredi yo? Nou pa gen anpil ki rete, tanpri kontakte Ms. Torres pou mayo pa ou a nan 561.804.3108 .

Nou vrèman kontan ke elèv K – 2 nou yo pral nan yon pwomenad nan sant Loggerhead Marinelife la nan mwa jwen! Nou va itilize sa nou te aprann an klas syans la, la nou va konvèti nou an syantis pou jounen an pou nou ka eksplor mond lavi maritin nan.

**EGZAMEN ACCESS la** - Egzamen yo pral fini mwa sa a pou elèv K-5 ELL nou yo. Y ap voye rapò endividyèl elèv yo lakay yo nan sezón otòn la.

**Konferans Paran yo**- Li enpòtan pou w konnen ki jan pitit ou a ap mache akademikman. Pwofesè yo nan pwosesis pou yo planifye dezyèm semès konferans paran yo. Si nimewo telefòn ou a chanje, tanpri voye nimewo ki ajou bay pwofesè pitit ou a oswa rele direksyon lekòl la.

## **Ti kwen Konseye yo**

Èske fanmi w ap viv ak yon lòt fanmi, oswa èske w ap viv nan yon abri tanporè? Si se konsa, distri a gen yon pwogram ki rele McKinney-Vento ki pral bay fanmi w resous ak asistans. Kontakte konseye lekòl yo pou kòmanse pwosesis la.

Si pitit ou a bezwen rad oswa inifòm, tanpri fè nou konnen. Nou gen yon kantite limite inifòm ki disponib pou elèv nou yo. Anplis de sa, nou gen yon resous ki rele Giving Closet epi yo bay rad pou elèv ki nan bezwen.

Klas siperyè yo ap travay sou fason pou kalme yo nan klas guidance. Mande pitit ou sou fason yo kapab kalme tèt yo lè yo gen yon emosyon fò. Yo te pratike respire nan vant, konte ak itilize diskou interyè ki pozitif.

## **Konsèy Konsiltatif Lekòl la (SAC):**

SAC nou an ap chèche manm. Si w enterese patisipe nan fonksyonman enteryè, finansman, kourikoulòm, sekirite pou lekòl la, patisipe nan aktivite lekòl yo, konnen sou dènye mizajou sou rezulta tès yo, ak desizyon yo pran isit la nan Freedom Shores, epi tou gen yon dizon sou fon alokasyon an, epi tou fè tande vwa w nan pwoesisis pou pran desizyon ki afekte kò etidyan nou an, jwenn ak nou! Nou rankontre chak mwa sou twazyèm Mèkredi a 5:30 pm nan sant medya a. Nou espere wè ou la ak nou.



## **PTO:**

PTO ap chèche volontè pou ede ak evènman k ap vini ak rannase lajan. Si w enterese, asire w ke w enskri kòm volontè ak [jennifer.a.quinn@palmbeachschools.org](mailto:jennifer.a.quinn@palmbeachschools.org), epi kontakte [freedomshorespto@gmail.com](mailto:freedomshorespto@gmail.com) pou w ka patisipe. Reyinyon jeneral nou yo se chak mwa apre reyinyon SAC la nan twazyèm Mèkredi chak mwa.

## **Magazen Eagle Buck la:**

Magazen Eagle Buck la toujou ap aksepte don nouvo ak jwèt ki pa two ize, founiti lekòl, jwèt, ak plis lòt bagay toujou, ak nenpòt bagay ou panse elèv yo ta renmen genyen kòm rekonzans n ap vrèman apresye yo.



**Yon ti rapèl sou kòd vestimantè yo** - Nou atann ke tout elèv nan Freedom Shores yo swiv yon kòd vestimantè ki obligatwa de Lendi a Jedi. Yo ap voye nenpòt elèv ki pa mete inifòm ke yo sipoze mete a nan direksyon an e nou va pran aksyon ki apwopriye kont yo. Me kalite inifòm ki obligatwa pou elèv yo mete a:

- Tout elèv yo dwe mete mayo ki gen kole epi ki genyen manch, mayo sa a sipoze senp.
- Elèv vityèl yo kapab mete yon mayo ki genyen yon sèl koulè.
- Pantalon, kapri, jip, jumpers, jip an pantalon, oubyen bout pantalon yo tout sipoze ble fonse, nwa, kaki, gri, oubyen mawon. Ti bout pantalon y oak jip an pantalon yo dwe long ase pou ou ka touche pwent dwat ou, yo dwe toujou rete nan tay elèv la epi yo nan stil inifòm. Li pa nesesè pou elèv vityèl mete inifòm pou pati anba.
- Pa mete ni abako ni djins (jeans).
- Yo pa sipoze mete bout kolan pou kont yo
- **Jou Vandredi sèlman:** Se jou ofisyèl pou elèv yo mete Mayo lekòl Freedom Shores la ak djins, yo pa dwe mete DJINS KI CHIRE. Elèv yo kapab peye \$1 pou yo ka patisipe nan aktivite kote yo kapab mete rad prefere yo nan jou vandredi, rad yo ap mete a dwe apwopriye pou lekòl. Benefis yo pral sipòte magazen Eagle Buck la, laboratwa STEM la, Depatman DL ak klas 5yèm ane.
- Yo pa sipoze mete okenn rad oubyen bijou ki ka koze distraksyon

Pa prensip Distri lekòl la, soulye yo dwe konplètman fèmen depi nan zòtèy jiska nan talon pye pou sekirite elèv yo. Elèv yo ka mete Tenis ak solye ki pla.

Si tout fwa yo prete pitit ou a inifòm, tanpri lave yo epi retounen nan demen. Mèsi!  
Si tout elèv nan klas pitit ou a mete inifòm apwopriye yo, yo ap genyen kòm prim yon eagle pou klas la!

## **Ti nouvèl Laboratwa STEM/Depatman Syans la**

Nouvo bêt ke nou genyen klas la ki se Pixel ap byen adapte l nan lekòl la! Elèv yo kontan wè jan 1 grandi ansanm ak lòt bêt nou an, Lizzy yon dragon ki gen bab. Nou te gade kòman cheni nou yo te devlope atravè sik lavi yo, kèk klas nou yo te fè patisipe nan lage yo nan jaden papiyon nou an. Pou fini, nou gen kèk teta ki rete ke nou ap gade jiskaske yo grandi an krapo. Sik lavi yo ap trè enteresan!!

## **Ti nouvèl Klib Jaden an**

Nou ap travay trè di nan jaden papiyon nou te metet payi (mulch) ak replante. Sa fè nou kontan anpil lè nou ap gade tout legim yo grandi! Nou jis ajoute piman dous wouj, berejenn ak plis frèz nan kabann yo epi plante kèk choublak. Nou toujou pase bon tan nan klib jaden an!



## **Klib lang siv (Sign Language)**

Klib Lang siy la ap kòmanse Jedi 1/20 pou klas 2yèm-5yèm ane, ak pou nenpòt elèv ki gen omwens gen yon zanmi ki soud oswa yon manm nan fanmi yo, Noupa ka tann pou elèv nou yo pèfòme ankò epi aprann sou diferan lang ak kilti.

# ★★★DAT KI ENPÓTAN YO★★★

## MARCH 2022



MONDAY	TUESDAY	WEDNESDAY	THURSDAY	FRIDAY	SATURDAY	SUNDAY
	1	2	3	4	5	6
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
<b>KONJE PRENTAN</b>						
21 KONJE	22	23 Reyinyon SAC 5:30 Reyinyon PTO 6:00	24	25	26	27
28						

## **Nouvèl Jadendanfan –**

Elèv Jadendanfan nou yo pral travay sou Unit 6 nan pwogram Lekti nou an. Nan inite sa a, elèv yo pral li istwa popilè ki soti nan divès kilti epi konpare mesaj oswa lesion ki nan yo. Yo pral devlope Konpreyansyon dirab sa yo:

- Moun rakonte istwa tradisyonèl yo, tankou istwa popilè, pou anseye lesion enpòtan.
- Istwa yo ka anseye nou ke moun òdinè ka akonpli gwo bagay, sitou lè yo travay ansanm.

Nou pral aprann mo kouran sa yo; pou, non, yon sèl, so ak ti fi. Tanpri pratike sa yo lakay ou tou! Gade pwofesè pitit ou a pou w mande yon lis konplè sou mo vizyon nou yo.

Nou pral travay sou de inite nan Matematik pou mwa sa a. Inite 11; Nimewo jiska 100 ak Inite 12; Identifye ak dekri fòm. Pandan w ap mache lakay ou ou ka fè pitit ou a pwente sou objè ou wè. Mande pitit ou a, "Ki fòm ou wè?" Ale nan yon lachas fòm, chèche kare, sèk, elatriye. Konte konbyen kote oswa kwen chak fòm ou jwenn lakay ou oswa sou wout ou genyen.

Jis yon ti rapèl, pa blye siyen kata blye siyen katab pitit ou a epi fè pitit ou a fè devwa li chak swa. Kòm toujou mèsi pou sipò ou!

Tanpri kontinye rete pridan epi kenbe pitit ou lakay ou si li pa santi l byen. Rete an sante!

Anpil lanmou, Pwofesè Jadendanfan yo

## **Nouvèl 1ye Ane –**

Fanmi Premye Ane, WOW...Nou gen tan nan mwa Mas!! Li bon pou w wè kantite kwasans elèv yo te fè. Mèsi pou tout efò ou fè lakay ou pou ede pitit ou isit la nan lekòl la. Kèk rapèl: tcheke dosye pitit ou a chak swa, mande yo kòman jounen yo te ye, epi ankouraje yo jwenn yon kote ki konfòtab epi li. Sware Matematik te yon siksè! Espere ke tout moun ki te asiste te pran plezi epi aprann yon bagay. Ann kontinye bon travay la! Espere tout moun gen yon vakans prentan ki an sekirite ak an sante! Nou tout merite li!

## **Nouvèl 2yèm Ane a –**

Klas Dezyèm Ane yo ap tann konje Prentan ak bra louvri! Mwa sa a nou pral selebre semèn Dr Seus ak diferan aktivite. Sonje ke li enperatif pou elèv nou yo rive lekòl alè chak jou pou asire yo jwenn pi bon edikasyon posib. Tanpri konprann ke menm kèk minit an reta ka gen yon enpak siyifikativ sou fason jounen yon elèv kòmanse.

Konje Prentan ap kòmanse 14 mas pou rive 22 mas.

## **Nouvèl 3yèm Ane a –**

2022 ap mache byen, Fanmi Freedom Shores! Nou ap fikse objektif epi kontinye kontwole pwogrè n ap fè pou nou rive a obejktif nou. Tout elèv bezwen 45 min. ak 0.03 pwogrè pou Successmaker Math & 45 min. ak 70% + presizyon pou iReady Reading, chak semèn. Nou ankouraje e selebre Siksè ke yo fè! Pwofesè yo ak elèv yo ap kontwole kwasans sa a pandan n ap suiv pwogrè ke yo ap fè. Ekriven yo ap pratike epi planifye pou envit enfòmasyon an repons a tèks yo li. Nan Lekti, n ap konpare ak kontras atravè tèks yo! Pandan Matematik, n ap travay ak ekivalans fraksyon ak konparezon, epi n ap avanse nan rezoud pwoblèm tan, kapasite, ak mas. Mèsi paske w te patisipe nan Sware Matematik! Elèv yo ak paran yo te jwi aktivite pratik yo! Nan Syans Sosyal, elèv 3yèm ane fè rechèch ak etidye Istwa Nwa. Pandan tan sa a, yo te envite elèv yo pou yo aprann enfòmasyon sou envantè Afriken Ameriken yo, syantis yo, atlèt, animatè, ak istwa rich kilti Afriken Ameriken an! Tanpri sonje tcheke dosye komunikasyon ble a pou devwa yo epi siyen ajanda pitit ou a chak jou. Mèsi anpil pou sipò ou kontinye nan kay la, li apresye! Pase yon vakans prentan ki san danje epi agreyab!

## **Nouvèl 4yèm Ane –**

N'ap salye nou ankò tout bon paran/gadyen elèv katriyèm ane nou yo!! Mas se yon mwa okipe anpil pou nou! Prepare pou vakans prentan 12-21 Mas pou elèv yo, Mas se Mwa Istwa Fanm, Lè ap chanje tou (YAY), ak Jou St. Patrik. Pa blye tcheke kata blye yo ak ajanda pou komunikasyon ak devwa chak jou. Mèsi pou sipò kontinyèl ou!!

## **Nouvèl 5yèm Ane –**

Nou te kotan wè jan nwit matematik la te pase. Li vrèmab bèl pou nou wè anpil fanmi ki patisipe nan evènman lannwit nou yo paske se yon bon fason pou pataje lanmou nou pou konesans. N ap kòmanse pare pou tès leta nou yo ki ap kòmanse nan mwa avril pou elèv nou yo. Nan salklas yo nou pral antre nan adaptasyon nan syans, epi n ap aprann sou volim nan matematik. Pou redaksyon ekri nou ap travay sou pèfeksyon redaksyon nou yo pou nou ka reyisi nan egzamen redaksyon ekri leta a. Nan lekti nap fini li Esperanza Rising ke nou tout te renmen li. Pitit ou a ta sipoze pote lakay ou yon papye sou vwayaj nan fen ane 5yèm ane nan Islands of Adventure.

**FÈ PIBLISITE BIZNIS OU AK NAN BILTEN NOU AN!** Si w gen yon biznis epi ou ta renmen fè piblisyte nan bilten nou an oswa plase von banyè nan lekòl la, rele Audra nan nimewo sa a 561-804 - 3114 si w enterese. Sipò ou ap ede ak pri pwodiksyon ak enprime.



**DEVIN HILL**  
ISLAND BRIDGE REALTY  
4155 MAIN ST. I JUPITER, FL 33458  
DEVINHILLROYALTY.PROPERTIES@GMAIL.COM

GIVE ME  
A CALL **561-634-0647**  
WELLINGTON • LAKE WORTH • BOYNTON • DELRAY • BOCA RATON • WPB



**Miller**  
Pediatric Dentistry And Orthodontics

Mitchell H. Miller, DDS  
*Pediatric Dentist*  
391 North Congress Avenue  
Boynton Beach, FL 33426  
(561) 336 - 6560  
smile@millerpdo.com  
www.millerpdo.com

**ZAPPOLO**  
**FARWELL**  
ATTORNEYS AT LAW

ZAPPOLO & FARWELL, P.A.  
[www.zappolofarwell.com](http://www.zappolofarwell.com)

SCOTT W. ZAPPOLO  
ATTORNEY

7108 FAIRWAY DRIVE, SUITE 322  
PALM BEACH GARDENS, FL 33418  
TELEPHONE (561) 62-5000  
FACSIMILE (561) 627-5600  
[SZAPPOLO@ZAPPOLOFARWELL.COM](mailto:SZAPPOLO@ZAPPOLOFARWELL.COM)

**YON GWO REMÈSIMAN**  
**A:**

**R**  
**ROOK**  
REALTY

**Stacey Rook-Staley**  
Realtor® | LCAM | Real Estate Broker

2500 Quantum Lakes Drive Suite 203  
Boynton Beach, FL 33426  
[StaceyRook19@gmail.com](mailto:StaceyRook19@gmail.com)  
(561) 699-8720

**KI TE ADOpte:  
KLAS 4YÈM ANE MS. SALLEY  
A!!!!**

**YON GWO REMÈSIMAN**  
**A:**

1061 East Indiantown Road  
Suite #108  
Jupiter, FL 33477

**Frankie Guerrieri**  
*Director of Human Resources*

**o:** (561) 408-0850  
**f:** (888) 344-8879  
**e:** [FrankieG@PreferHome.com](mailto:FrankieG@PreferHome.com)  
**w:** [PreferHome.com/CPB](http://PreferHome.com/CPB)



**KI TE ADOpte:  
KLAS 3YÈM ANE MS. CARLEY!!!!**

**YON GWO REMÈSIMAN**  
**A:**

**JLB**  
RENOVATIONS

RESIDENTIAL COMMERCIAL

Building your Visions – Creating Reality

Jeffrey Balet  
[JLBRenovations.com](http://JLBRenovations.com)  
[JLBRenovationsllc@gmail.com](mailto:JLBRenovationsllc@gmail.com)

561.613.5186

**KI TE ADOpte:  
KLAS JADENDANFAN MS.  
CONCEPCION AK  
MS. ITZKOWITZ YO!!!!!**

**YON GWO REMÈSIMAN**

**A:**



**Living Soul**

Behavior Therapy

(561)-572-6773 | [Livingsoul.llc@gmail.com](mailto:Livingsoul.llc@gmail.com) | Palm Beaches

**KI TE ADOPTE:  
DEPATMAN ESE NOU AN!!!!**

**YON GWO REMÈSIMAN**

**A:**



**KI TE ADOPTE:  
KLAS 2YÈM ANE MS. CASTRO A  
ANSANM AK PTO NOU AN!!!!**

### (Gwosè Kat Biznis)

Piblisite nan bilten nou an.  
\$20.00 pa mwa oswa \$150.00 pou ane  
a.

(3 ½ X 4 ½)

Piblisite nan bilten nou an.  
\$30.00 pa mwa oswa \$200.00 pou ane  
a.

## ADOPT-A-CLASS PROGRAM

**Benefits:**

- \*Year long recognition in the Freedom Shores Newsletter-GOLD
- \*Certificate of Sponsorship to display-  
**SILVER,GOLD**
- \*Thank you letter from Freedom Shores Principal-**BRONZE, SILVER, GOLD**
- \* Invitation to the school events to promote your business- **GOLD**
- \* Recognition of Sponsorship on classroom door- **BRONZE,SILVER, GOLD**
- \* Copy of letter sent home to the parents of your adopted class announcing you or your business as the class sponsor.- **SILVER, GOLD**

**Sponsorship Levels:**

- Gold (\$250.00 or more)
- Silver (\$150.00 - \$250.00)
- Bronze (\$150.00 - \$100.00)



### **Lokasyon Lekòl la**

Komisyon Konsèy Lekòl Rejyon Palm Beach la ofri yon varyete opsyon lokasyon pou adapte prèske nenpòt okazyon. Nou kapab akomode yon pakèt evènman.

Kanpis nou yo ofri oditoryòm dinamik ak teknikman ekipe, sal konferans, kafetarya, laboratwa, salklas ak teren atletik.

Nou akeyi patenarya ou a! Kontakte Audra Spurlin nan (561) 804-3114 si w enterese nan lwe lekòl la.